
SEJARAH TATAR SUNDA

LANGIT BIRU PAJAJARAN

NARATAS JALAN PAJAJARAN ANU SAESTU

KIDUNG PAJAJARAN Biru langitna Pajajaran ngagenclang caang, dihias ku bentang ti peuting, muka hate ku rasa damai, muka hate ku katenangan, muka hate ku rasa welas, ku silih asah, silih asih, silih asuh, ngandung wibawa, karta jeung raharja, disiloka ku kujang raga kusumah, suci diri, bersih hate, ucap, pikir jeung lampah.

Jayana Pajajaran lain saukur ku kajayaan, lain saukur ku kawibawaaan, tapi dibarengan ku jayana karidoan hate, kaikhlasan hate, jeung kabersihan hate. Sanajan Pajajaran runtuh, tapi hate nu nyicingan Pajajaran tetep rido, ikhlas, sabab sadayana tos kersaning hyang widi, sabab eta anu bakal mawa Pajajaran salamina aya di puncak kajayaan, Raga kusumah anu bersih, anu pinuh ku welas asih, anu disimpen dinu hate, anu dibuka ku pikiran, anu kaluar dinu ucapan, anu dijieun ku lalampahan, bagja jaya Pajajaran ku kaendahan, ku kasejukan, anu ngarti kanu arti gemah ripah loh jinawi saenyana, sareng disanjataan ku trisula, didadasaran ku agama, diendah-endah ku pangabisa, dibere ciri ku pangarti nu jadi wibawa Pajajaran. Ayana Pajajaran dilingkung ku gunung Tangkuban Parahu tibelah kidul, dilingkung ku curug ti belah wetan, diwatesan ku sagara ti belah kaler, pambuka gerbang karajaan ayana tibelah kulon, diwatesan ku walungan citarum, Pajajaran leungit teu mangrupa, ngahiang euweuh tapak, anging hate jeung pikiran anu bersih anu bisa ningali Pajajaran anu saestu, sabab leungitna Pajajaran disumputkeun ti jalma-jalma anu ngudag kakawasaan, anu ngudag tahta, anu teu ngarti kanu arti sajatina pamingpin, sabab pamingpin saestuna ngan saukur jadi babu rahayat anu daek ditutah-titah ku rahayat, lain sabalikna, rahayat anu ditutah-titah ku manehna.

MUASAL PUNCAK JAYA PAJAJARAN

PRABU WASTU KANCANA ANU JADI RAJA PAJAJARAN

Dina mangsa Pajajaran diujung kaancuran, Prabu Wastu Kancana teu wasa ningali kaayaan Pajajaran awut-awutan, bade kasaha sareng rek dikamanakeun eta karajaan, saha jalmana anu tiasa mingpin eta karajaan, putrana, Raden Wastu Dana Citra alim narima tahta karajaan, sabab anjeuna leuwih milih pikeun nyucikeun diri diajar kanu arti hirup sabenerna, sabab tahta henteu bakal ngajamin bahwa dirina bakal meunang sawarga anu jadi tempat tujuan hirupna manusa, anjeuna leuwih milih cicing ditempat anu tenang, sareng gentos nami jadi Pandita Arya Darma Gandi.

Kusabab kaayaan karaton anu riweuh, putra Pandita Arya Darma Gandi nyaeta Raden Walangi, ngiring sareng rama na katempat anu teu batur apaleun, mung saukur uwana, rakana Pandita Arya Darma Gandi, nyaeta Raden Surya Kancana anu uninga dimana ayana, mungkin lila Pajajaran mungkin jauh tina kasajahtraan, mungkin loba serangan titidieu, ampir tiap dinten kakacauan aya di Pajajaran.

SURYA KANCANA DIANGKAT JADI RAJA PAJAJARAN

Paciweuh mungkin riweuh, kabingung anu ngagunung, Prabu Wastu Kancana ngarasa teu sanggup mingpin karajaan, bade dikamanakeun ieu tahta, da putrana sorangan alim jadi raja, da padumukanana ge anjeuna teu uningaeun, lajeng weh Prabu Wastu Kancana gempungan sareng pinisepuh karajaan, anjeuna ngikrarkeun diri teu sanggup mingpin Pajajaran, sabab nu dilawan lain musuh nu kadeuleu, tapi musuh nu teu mangrupa nu aya di jero karajaan keneh, anu ngudag-ngudag tahta pajajaran. Nya akhirnya diputuskeun ku Prabu Wastu Kancana masihkeun kujang Pajajaran ka putrana nu kahiji nyaeta Raden Surya Kancana, tapi Raden Surya Kancana oge nolak, sabab dina pamadegannana ti awal anjeuna alim pikeun jadi raja, anjeuna ngan saukur siap ngabantu kana pamarentahan, ngawangun pajajaran, teras Prabu Wastu Kancana nyarios ka Raden Surya Kancana :

“Naha hidep teu nyaah kanagara .. ?, naha hidep teu bakti kanagara…?, lamun hidep teu sanggup narima tahta karajaan, mana jangji hidep nu diucapkeun bakal ngawangun Pajajaran, dimana tanggung jawab hidep salaku kulawarga karaton ? .”

Dina pamikiran Raden Surya Kancana tiasa wae anjeuna nyaurkeun, ngabejakeun dimana ayana Raden Wastu Dana Citra rayina, tapi anjeuna tos jangji moal ngabejakeun kasasaha dimana ayana. Nya ahirna anjeuna narima pikeun jadi raja Pajajaran, narima tahta karajaan, anjeuna sanggup narima tahta karajaan pikeun nengtremkeun deui pajajaran, tapi janji kadirina, saparantos Pajajaran tengtrem, makmur sapertos biasana, teu aya pemberontakan, gangguan dimana-mana, anjeuna bade nyerahkeun tahta karajaan ka rayina Raden Wastu Dana Citra, sabab saenyana rayina anu hak narima tahta karajaan, dirina ngan saukur jadi pamuka jalan pikeun ngajugjug karaharjaan sabab dina pamikiran anging rayina anu mampu, bersih hate jeung pikirna teu ngudag tahta teu ngumbar hawa napsu ngarti kana tujuan hirup nu sabenerna.

OBROLAN PRABU SURYA KANCANA SARENG RADEN WASTU DANA CITRA

Saatos Raden Surya Kancana ngadeg janten raja Pajajaran, kaayaan Pajajaran jauh tina harepan ku hamba rahayat sakabeh, naon-naon nu dilakukeun ku Prabu Surya Kancana, teu katarima ku sakabeh nu aya di Pajajaran, kabingung kurasa hariwang kudu kumaha nyanghareupan anu model kitu, kudipikiran, ahirna anjeuna mutuskeun pikeun nepangan rayina, anjeuna miang nepangan rayina sareng Putra rayina nyaeta Raden walangi, Prabu Surya Kancana nyaritakeun kaayaan Pajajaran ayeuna ka rayina, maksud bade mundut rayina pikeun narima tahta karajaan Pajajaran.

“Pun rayi, naha hidep teu kagugah, naha hate hidep teu boga kanyaah, naha hidep teu boga tanggung jawab kanagara ngadangu kaayaan Pajajaran anu riweuh ku bancang pakewuh, anu ngaharepkeun ayana jalma anu bersih

hate jeung pikirna, anu lancip pikirna sareng anu gaduh wibawa”.

“ Pun raka, pamikiran model kitu dikarajaan teh lain hiji atawa dua jalma, tapi rebusan bahkan jutaan, naha sakabéhna bakal turut kakaula, sabab kaula ge jalma biasa, naha pun raka ngajamin mun kaula ngadeg jadi raja, naon nu diharepkeun ku pun raka Pajajaran jauh tina bancang pakewuh, Pajajaran raharja bisa kalaksana, namung sing inget, lamun jalma nu ngartina ngan sorangan apa nu lain na bakal ngarti kanu sabenerna, moal ujug-ujug kaula jadi raja heug nagara jadi aman, lamun sadayana jalma teu ngarti kanu hak sareng kawajiban manusa nu saenyana, sabab ridona hyang widi anu bisa nyieun Pajajaran raharja, pinuh deui ku wibawa, sajahtra, aman santosa.”

Kaemut ku Prabu Surya Kancana geningan dirina ngarti, dirina tos kabawa ku hawa dunya, sabab ku ambisi hayang nyieun karaharjaan, tapi teu emut yen sadayana tos aya nu ngatur, mereun tos kahendakna hyang widi Pajajaran ngalaman bancang pakewuh, naha dirina bet kabawa ku nafsu, kuhayang salilana Pajajaran jaya, padahal mereun geus waktuna Pajajaran di uji ku nu jiga kieu, dirina ngarasa leutik dipayuneun rayina, geningan, sanajan pamaksudan dirina bener, gening aya nu leuwih bener, sanajan dirina ngarti, gening aya nu leuwih ngarti, aya nu leuwih jero jalan pipikiranana, henteu ngalakukeun tindakan dibawa ku nafsu dunya. Teras deui Raden Wastu Dana Citra nyarita :

“ Pun raka.. lamun urang ngalakukeun tindakan tanpa dipikir sabab jeung akibatna, naon nu bakal dilakukeun ku urang salah, sing inget Trisula, hate jeung pikir, pikir jeung ucap sadayana kedah sarua, tong nepi ka benten antara hate jeung pikir, pikir jeung ucap, ucap jeung lampah”.

Mungkin lami ngadangu ucap rayina, Prabu Surya Kancana mungkin ngarasa leutik dirina, dugi ka reumbay cisoca, dugi ka nangis batinna, geningan pangarti nu aya dirina jauh keneh dinu kecap sampurna, teras anjeuna naros, “ Pun rayi kedah kumaha jalana ngawangun nagara nu jiga kieu ?”.

“ Teu kumaha-kumaha, mun Hyang Widi ngaridoan nagara sejahtra pasti sejahtra, mun Hyang Widi ngaridoan Pajajaran jaya, pasti jaya, kumaha carana..?, mangga pun raka emut kanu harti lampah manusa didunya, nyaeta lampah ngumpulkeun kahadean, lampah ngumpulkeun amal, nyaeta ibadah, apal kasajatina Hyang Widi, tapi lain saukur ku salira, tapi kusadayana, ku rahayat, ku tokoh masarakat, ku pinisepuh karajaan, ku pajabat-pajabat karajaan, ku prajurit karajaan, ku raja anu ngarti kana wangi nu sajati, nyaeta raja nu nyeungitan ka rahayatna, rahayat nyeungitan ka rajana, jadi kudu silih emutan antara pamingpin sareng rahayatna, hampura kaula teu tiasa narima eta tahta, hiji mangsa pasti kapanggih, hiji mangsa pasti datang, datang ka Pajajaran budak nu ngarana Munding Wangi”.

“ Saha ari Munding Wangi teh” ? saur Prabu Surya Kancana .

“ Eta ngan saukur siloka, ari munding teh ingon ingon, ari wangi teh seungit, nyeta sanajan manehna ngarti, sanajan manehna apal, manehna teu ngarumasakeun bahwa dirina geus sampurna, sabab manehna ngarti saenyana dirina oge jalma biasa”. Ngadangu kitu, dirina Prabu Surya Kancana yakin jeung percaya, mudah-mudahan Hyang Widi nepangkeun dirina sareng jalma nu dimaksud ku rayina, mungkin kabuka hatena, anging pitulung sareng kersana Hyang Widi anu tos ngabuka Pajajaran jaya, ahirna anjeuna wangsul deui ka Pajajaran.

PRABU SURYA KANCANA MIANG KA TANAH ARAB

Saatos nepangan rayina, saparantos dugi deui ka Pajajaran, Prabu Surya Kancana emut deui kadirina, kagagahan, kakuatan, sareng pangarti anu aya dina diri anjeuna masih keneh jauh tinu kasampurnaan, mungkin ngarumasakeun yen dirina teu sanggup pikeun nyepeng tahta karajaan, sabab sanajan bener, manehna teu tiasa ngabebener, ahirna anjeuna mutuskeun pikeun nyerahkeun tahta karajaan kasaha bae anu hayang, anu ngarasa dirina mampu, bade dikumahakeun ge mangga teh teuing, ahirna anjeuna miang ngumbara ka tanah Arab, sabab diditu saurna aya hiji jalmi anu ngarti kanu arti tujuan hirup anu sabenerna, anu ngandung harti, anjeuna hayang diajar deui pikeun ngadeukeutan kasampurnaan hirup, rek di diajar jeung rek guguru ka eta jalmi, nyaeta sayidina Ali, ahirna anjeuna diajar di tanah arab, nyaeta diajar pamadegan nu disebut Islam nu ngandung harti salamet.

Kaayaan Pajajaran mingkin kacau, perang baraya parebut kakawasaan, parebut tahta karajaan, huru hara dimana-mana, lami-lami pihak luar oge ngadangu yen Pajajaran kaayaan nuju perang baraya, ahirna pihak ti luar oge ngiring perang, pada-pada hayang nyepeng Pajajaran, sahengna jagat Pajajaran ngalunturkeun wibawa Pajajaran .

Di tanah Arab, Prabu Surya Kancana teras diajar ku bimbingan Sayidina Ali sareng ngikrarkeun yen Prabu Surya Kancana lebet Islam, ahirna kabuka jalan pikirannana, leuwih lancip hate jeung pikirna sabab Islam ngajarkeun salamet keur dirina, kitu deui jeung ka batur, mungkin kuat akidahna, nyaeta akidah anu anyar nu dianggem ku dirina. Saatos dirina ngartos, kanu saenyana, Prabu Surya Kancana mulang deui ka Pajajaran, ku kasaktian, ku kabersihan hate jeung pikiranana anjeuna mampu ngalawan pamberontakan ti jero sareng tiluar, saatos rengse sadayana, anu parebut kakawasaan saking ku sieun ningali pangarti sareng kasaktian Prabu Surya Kancana, maranehna teu wantun pikeun nandinganana, teu sanggup nandingan kagagahanana, maranehna caricing bari jeung saenyana dina hatena teu narima ku wangsulna Prabu Surya Kancana. Pajajaran teu aya nu nyepeng teu aya raja di Pajajaran sabab Prabu Surya Kancana sateuacana oge tos nyoplokeun tahta karajaan, tapi sanaos kitu, anjeuna ngajalankeun roda pamarentahan dirojong ku pini sepuh, sareng pajabat karajaan, sanaos teu aya rajana Pajajaran tetep aya, anjeuna nembongkeun Islam nu sajati, sabab anjeuna gaduh maksud pikeun nyebarkeun Islam di Pajajaran.

PRABU SURYA KANCANA NEPANGAN DEUI KA RADEN WASTU DANA CITRA SARENG RADEN WALANGI

Prabu Surya Kancana sanajan anjeuna tos nyoplokeun tahta karajaan tapi, ku para pini sepuh karajaan sareng ku para pajabat karajaan anjeuna masih keneh dianggap raja Pajajaran, sabab di Pajajaran teu aya nu mingpin, tapi di Pajajaran pamarentahan dicepeng ku senopati Buana Reksa, dina hiji mangsa anjeuna miang deui ka tempat Raden Wastu Dana Citra sareng Raden Walangi .

“ Assalamualaikum …. “ saur Prabu Surya Kancana ka rayina, rakana nyucapkeun kitu Raden Wastu Dana Citra ngahuleng naroskeun ka rakana kalimah naon eta, “ ucapan naon eta ? “; Prabu

Surya Kancana ngawaler : “sanes nanaon etamah ucapan salam, mudah-mudahan pun rayi aya dina kasalametan sareng kasajahtraan kasadayana, hampura bilih paham nu ku kaula dianggem benten sareng paham nu ku pun rayi di cepeng.” anjeuna nyaritakeun pangalamanana ka rayina miang ka tanah Arab.

“mangga bae etamah pun raka, kaula moal ngulahkeun, sabab mun enya kirana eta anggeman pun raka teh sajalan, sajulur, sareng tiasa ngartikeun jati diri manusa nu sabenerna, mangga teh teuing, sabab tadi kaula ngdangu caritaan pun raka intinamah ngabebener laku lampah urang di dunya, mung cara ibadah wungkul anu benten, sabab, etamah balik deui kana kayakinan masing-masing jalmi”.

“Pun rayi kaula hayang tepang sareng Raden Walangi” saur Prabu Surya Kancana, Raden Wastu Dana Citra nyauran Raden Walangi, teras Prabu Surya Kancana nyarios deui karayina, : “pun rayi naha hidep ngaridoan lamun paham nu dicepeng ku kaula di ajarkeun ka Raden Walangi ? “

“Mangga wae taros ka Raden Walangi, kaula moal bisa nangtukeun jalan kahirupanana, bade kamana-mana bae oge anu penting mah laku lampahna bener, jujur, tong leupas tina pamadegan, bade pamadegan salira atanapi pamadegan kaula, mangga wae Walangi bade nyepeng pamadegan anu mana terserah,” Raden Walangi ngawaler, “kaula tetep bade ngiring sareng pun bapa, bade nyepeng pamadegan pun bapa, sabab dina hate kaula tos kuat kayakinanana kana kitab weda”, ngadangu kitu mah Prabu Surya Kancana teu tiasa maksa Raden Walangi pikeun nyepeng pamadegan dirina, sabab dina pamadeganana, teu aya paksaan pikeun maksa kamanusa nyepeng pamadeganana, sabab dina kitab Al Qur’an anu tos dipelajari kudirina, anging jalma anu kabuka panto hate jeung pikirna anu diridoan ku gusti Alloh, salamet hirupna di dunya sareng diaherat, lami-lami Prabu Surya Kancana nyaritakeun tujuan dirina dongkap kadinya pikeun nyuhunkeun ka Raden Walangi pikeun narima tahta karajaan Pajajaran, tapi Raden Walangi nolak, alim anjeuna jadi raja, sabab anjeuna ningali teu yakin kadirina sorangan, naha bakal sanggup nyepeng tahta karajaan, sareng tujuan hirupna teu ngagaduhan niat pikeun ngudag tahta, tapi hayang nulung kasasama, ngumpulkeun amal ibadah pikeun nyorang ka sawarga. Prabu Surya Kancana bingung ngadangu sasauran Raden Walangi sabab teu aya deui jalma anu hak narima tahta karajaan iwal ti dirina putrana putra mahkota Pajajaran.

Prabu Surya Kancana nyarios deui ka rayina : “pun rayi, kedah kumaha, bade dikamanakeun ieu tahta, naha pun rayi rido lamun Pajajaran dipingpin ku jalma-jalma nu ngudag tahta, anu teu ngarti kanu sajatina pamingpin, anu teu ngarti kanu kujang raga kusumah atawa ku kaula bade di bebeskeun wae eta karajaan, mending leungit sakalian tibatan aya ninggalkeun tapak nu teu hade”.

Raden Wastu Dana Citra reuwas ngadangu sasauran rakana anu model bieu, ahirna anjeuna nyarios ka putrana, : “Walangi, ngahaja kaula embung jadi raja, kaula embung jadi raja teh lain saukur embung, tapi kaula boga pamaksudan pikeun ngagemleng hidep jadi raja, anu ngarti kana artina raga kusumah, nyaeta pamingpin anu beresih hate jeung pikirna, anu teu dikendalikeun ku hawa napsu dunya, mudah-mudahan ku kaula di doakeun hidep tiasa pikeun ngagaduhan gelar Sri Baduga Maha Raja, nyaeta raja nu ngarajaan raja, naha hidep ngarti kana pamaksudan kaula, hidep dibawa heula sangsara ku kaula ngarah hidep ngarti kumaha kaayaan nu di handap, kaayaan rahayat, ngarah hidep teu sawenang-wenang marentah.”

Raden Walangi ngahuleng ngaraga meneng, sareng ahirna anjeuna mutuskeun, anjeuna nyarita ka Prabu Surya Kancana : “heug, kaula narima pikeun jadi raja tapi kaula menta sakabeh rahayat Pajajaran timimiti pajabat nepi ka rahayat, tong aya nu ngagung-ngagung kaula, sabab kaagungan ngan saukur milikna Hyang Widi, tapi ayeuna kaula moal waka narima, sabab kaula masih keneh deet ku pangarti, masih deet ku pangabisa, masih keneh aya hal anu kudu di apalkeun ku kaula, mangga wae ayeunamah pimpin heula karajaan sabab kaula keur diajar keneh,” ngadagu kitu Prabu Surya Kancana ngarasa bagja jeung sugema, ahirna Pajajaran bade dicepeng deui kunu hakna, nya ahirna, Prabu Surya Kancana mulang deui ka Pajajaran.

GEUNJLEUNG KARATON PAJAJARAN

Kusabab teu aya anu jadi raja di karaton Pajajaran, pihak-pihak anu hayang ngarebut tahta karajaan mungkin wani pikeun ngeundeuk-ngeundeuk karajaan bari jeung ayeunamah teu susulumputan, sanjata diangkat, nepi ka kajadian perang di alun-alun pasundan, loba rahayat nu sangsara, loba rahayat nu cilaka ku polahna jalma anu ngudag-ngudag tahta, rahayat mungkin sangsara, kedah kumaha, kamana sareng kasaha neang jalma anu bisa mawa Pajajaran raharja, iwal ti saha ?, nyaeta Raden Walangi, anu diharepkeun ku hamba rahayat sakabeh, tapi arinyana teu uninga dimana ayana Raden Walangi, tapi arinyana yakin jeung percaya bari ngadu’a jeung usaha pikeun neang Raden Walangi mulang ka karaton, sanajan keur eta masih keneh budak, arinyana uninga ayeunamah pasti geus dewasa, Prabu Surya Kancana kagugah hatena ku kahayang rahayat pikeun enggal-enggal nyandak Raden Walangi ka karaton.

TANYA JAWAB PRABU SURYA KANCANA SARENG RADEN WALANGI

Kusabab ningali kaayaan rahayat nu model kitu, Prabu Surya Kancana dongkap deui ka tempatna Raden Walangi sareng Raden Wastu Dana Citra, saporantosan aya di tempatna Raden Walangi di barengan ku ramana, Raden Walangi sareng Prabu Surya Kancana silih tempas ngeunaan pamadegan Raden Walangi sareng Prabu Surya Kancana.

“Uwa, kaula bade naros, naon kawajiban manusa di dunya ?”

“Tugas utamana manusa di dunya ibadah, nyuhunkeun karidoan gusti Alloh pangeran kaula, naon laku lampah jelema sagalana diniatan ku lillahitaala, ku ihlas teu aya pamrih nanaon, sanajan jasa manehna gede ka nagara jeung bangsa, kawajiban manusa di dunya pikeun ngumpulkeun amal ibadah, pikeun engke jaga di yaumil ahir, “ kitu jawaban Prabu Surya Kancana.

“Kumaha upami kaula jadi raja, nagara rek di bawa sarua jeung pamadegan kaula,”

“Nagara mah rek dicandak ku pamadegan saha bae oge mangga teh teuing, tapi sing emut, perbedaan sanes

jalan mumusuhan, sabab dina pamadegan kaula, teu aya pikeun jalma kudu nurut kakaula, sadayana kudu balik deui kadirina sewang-sewangan, ayeuna lamun pamadegan kaula beda sareng pamadegan salira, kaula teu menang aya di pajajaran kaula rek miang bilih kaula mumusuhan jeung salira kusabab beda pamadegan, sabab bisi mamawa kanagara nu nyieun nagara teu santosa, teu aman ku akibat beda paham, kaula leuwih milih mangkat leuwih milih ngelehan, sabab kaula ngajaga bisi aya hal-hal anu teu diharepkeun, da kawajiban kaula salaku warga nagara ngajaga nagarana.”

“ Kumaha carana pamadegan salira ka sasama, etika nu aya dina pamadegan salira kasasama “
“ Silih tulungan, silih asuh, silih asah, silih asih, nulungan kasasama anu ngabutuhkeun pitulung, nyaah ka sasama sanajan beda pamadegan, sabab anjeuna oge sami-sami jalmi ciptaan gusti Alloh, anu ngalaksanakeun hak jeung kawajibanana saperti pamadegannana, da etamah hubungan antara nu nyiptakeun sareng nu diciptakeun, mangga bae hidep nyepeng pamadegan hidep, kaula oge nyepeng pamadegan kaula, sabab intinamah sarua ngabimbing kanu lampah anu enya, sarua nitah bener da soal ibdahmah masing-masing balik deui ka jalmana.
Raden Walangi nangis ngadangu sasauran uwana, teras ngagabrug ka uwana, “ hampura uwa kalakuan kaula bieu, sanes rek ngajak mumusuhan ka uwa kusabab beda pamadegan, tapi kaula hayang uninga bilih dina mangsa kaula jadi raja, aya pihak-pihak anu dirugikeun ku kaula ku sabab beda pamadegan, kaula embung mimpin nagara sagalana kudu kumaha kaula, kaula oge kudu ngarti adat, etika kana pamadegan jalmi-jalmi nu benten sareng kaula sapertos uwa, ku kaula ditarik benang gedena intinamah teu aya perbedaaan, hayu uwa kaula siap pikeun narima tahta karajaan, mung sing emut kana ucapan kaula harita, sakumaha jayana Pajajaran entong ngagung-ngagung kaula, sabab sadayana tos kersaning Hyang Widi, “
“Iraha mangsana ?, naha ayeuna keneh hidep siap pikeun narima tahta karajaan Pajajaran ?”
“Sanes ayeuna mangsana, tapi kaula hayang dongkap deui ka karaton Pajajaran sanes di candak ku uwa, mangga weh terserah uwa bade kumaha carana pikeun kaula dongkap deui ka karaton Pajajaran, mangga weh gempungan sareng nu aya di karaton Pajajaran, “ ahirna Prabu Surya Kancana mulih deui ka karaton Pajajaran.

GEMPUNGAN PRABU SURYA KANCANA SARENG PINISEPUH PAJAJARAN

Dikaraton Pajajaran Prabu Surya Kancana wawartos ka pini sepuh, senopati, sareng pajabat karajaan yen geus aya jalma nu bakal mawa Pajajaran jaya deui, jauh tina bancang pakewuh, jauh tina pambarontakan, tapi dirina alim dongkap kakaraton di candak ku anjeuna, maksud anjeuna ngempelkeun sadayana ayeuna, bade nyawalakeun kumaha carana eta jalma dongkap ka Pajajaran, sadaya nuaya didinya reuwas ngadangu sasauran Prabu Surya Kancana sareng dina hatena tumanya saha jalmana, timana asalna, naha tikulawarga karaton atanapi timana asalna. Senopati Lingga Jaya ngusulkeun ka Prabu Surya Kancana pikeun nyandak eta jalma ku cara dipaksa, di iming-iming ku harta, tahta, sareng bade nyumponan sagala kahayangna.

Ngadangu kitu Prabu Surya Kancana gumujeng, lajeng nyarita, “ upama kitumah anjeuna ngadeg jadi raja teh sabab dipaksa, sanes kahoyong gereteg hatena, bari jeung bade di iming-iming harta, kaula yakin anjeuna pasti alimeun, sabab anjeuna sanes jalma anu ngudag-ngudag harta jeung tahta, kunu sanes, ku jalmi-jalmi nu ngudag tahta sareng tahta mah pasti bakal di tarima, iraha rek ngurus nagara lamun anu di udag-udagna ngan saukur tahta, pasti ngahalalkeun sagala cara, sabab dina pamikiranana nu penting mah aing kawasa, ieu upami dipaksa ngurus nagarana oge sakadaek, sabab saenyana dirina embung pikeun jadi raja.

“ Teras kedah kumaha atuh supaya jalmi eta dongkap ? “ taros Senopati Lingga Jati deui,
“ Kaula oge teu acan gaduh cara kumaha carana pikeun nyandak eta jalmi. “ nusanсна ngahuleng ngaraga meneng, milarian cara kedah kumaha,

“Mangga nu sanes bilih gaduh cara ? “ saur Prabu Surya Kancana, Senopati Buana Reksa ngagaduhan usul, pikeun ngayakeun bae saembara, mung ku dirina teu kapikir naon anu bade di saembarakeunana, ahirna Prabu Surya Kancana naroskeun ka Begawan Wastu Kancana kedah kumaha carana.

“ Naon anu bade di saembarakeunnana kanjeng rama, pasti kanjeng rama gaduh rencana, da kanjeng rama mah kantos mimpin Pajajaran, uninga ka Pajajaran nu saenyana.”

Begawan Wastu Kancana gumujeng bari jeung reumbay cisoca anjeuna nyarita ”saembarakeun bae ata kujang Pajajaran, nyaeta kujang Raga Kusumah, sing saha jalma anu tiasa ngangkat eta kujang Pajajaran sareng ngarti kanu arti raga kusumah, timana bae asalna ti rahayat atawa pajabat nagara, tah eta anu bisa mawa Pajajaran jaya deui,” ahirna ku sadayana disatujuan pikeun nyaembarakeun kujang Pajajaran.

RESTU PANDITA ARYA DARMA GANDI KA PUTRANA RADEN WALANGI

“ Walangi, aya tilu hal anu kudu dipikaharti ku hidep anu bakal mawa diri hidep salaku jalma biasa sareng mawa nagara, regepkeun, nu kahiji nyeta Ngabaur, ngahiji, ngarakyat,”

“Naon hartosna kanjeng rama “ Raden Walangi nempas,

“Ngabaur keur diri hidep kudu bisa asup kasadaya golongan, kudu tiasa napak sancang, sing bisa siga cai, anu tiasa asup kana wadah naon wae oge, ngahiji nyeta ngahijikeun antara hate, pikiran jeung ucapan lakonan ku lalampahan, ngarakyat hartina tong mandang jalma tinu tahta atanapi rakyat biasa, saenyana sadayana manusa teu aya anu ngabedakeun dipayuneun Hyang Widi. Anu kadua nyaeta Ngabuka, ngaluarkeun ngasupkeun, bukakeun hate jeung pikiran hidep, tong dihalangan ku hawa nafsu dunya, kaluarkeun jati diri hidep anu saenya-enyana, jati diri manusa nu sajati, asupkeun sagala pangarti kanu hate jeung pikiran, tapi sing inget dina ngasupkeunana tong dibarengan ku hawa nafsu dunya, sabab lamun pangarti diasupkeun dibarengan ku hawa napsu dunya, dina mangsa hidep ngaluarkeunana dibarengan kurasa uzub, jeung takabur, asa aing pang pinterana, asa aing pang bisana, nganggap leutik kanu sanes, sabab diluhureun anu bisa aya anu leuwih bisa, diluhureun anu ngarti aya anu leuwih ngarti, tinu gede, aya anu leuwih gede, ahirna kasombongan anu bakal jadi jati diri hidep, anu katiluna, Ngajaga, Dijaga,

Siaga. Hidep kudu bisa ngajaga pamadegan anu jadi dasar lampahna manusa, kudu tiasa dijaga ucapan, lalampahan, sabab ucapan jeung lalampahan katembong ku jalmi sanes, saenyanamah kedah diawalan dinu hate, ku kabersihan hate sabab mimiti kaluarna ucapan teh tina hate tapi etamah teu katembong ku jalmi sanes, tapi nu saestuna hate, pikir jeung ucap, sadayana kedah sami. Lajeng hidep kudu bisa siaga sabab godaan pikeun manusa anu bakal mawa jalma sangsara lamun teu tiasa nahan godaan, kudu tiasa kapikir sabab sareng akibat dina mangsa hidep bade ngarencanakeun naon oge, atanapi bade ngalakukeun naon oge, ngajaga diri sorangan, ngajaga batur, ngajaga hate sorangan, ngajaga hate batur, sabab hirup urang di dunya teu sorangan, jadikeun eta kitab weda dadasar anu tilu eta.”

Raden Walangi ngahelas ngadangu ucapan ramana dugi ka rambay cisocana, sareng nyarios karamana, “ naon namina anu tilu eta teh kanjeng rama?” Sanes nanaon etamah, saukur pamikiran kaula anu ku kaula disebut Trisaka, anu hartosna tilu pusaka pikeun manusa, simpen eta trisaka dina hate anu pang jerona.”

“ Upami pikeun nagara kumaha hartosna kanjeng rama, sabab saur kanjeng rama trisaka eta tiasa oge nyandak nagara raharja…?”

“ Sok wae lah pikiran ku hidep, da hidep nu baris ngalakonkeun, mudah mudahan hyang widi ngaridoan hidep, sing tiasa ngarti kanu harti trisaka pikeun nagara, jig… geus waktuna hidep lalampahan, geus waktuna hidep nulung kasasama, hidep bakti kanagara, jadikeun dina ngurus nagara niatan ku ibadah, jadikeun amal pikeun nyorang ka sawarga, restu kanjeng rama aya di sagigireun hidep”.

Raden Walangi nangis, batin jeung pikirna nangis, nangis nu saenyana…

SAEMBARA KUJANG PAJAJARAN

Raden Walangi pamit ka ramana pikeun lumampah bade angkat ka Pajajaran “ kanjeng rama, kaula bade pamit bade lumampah pikeun ibadah, pikeun amal kaula bekel ka sawarga “.

“ Jig nindak, tapi tong ngalieuk katukang, nu tukang mah jadikeun eunteung pikeun hidep diajar, jang kahareupna, sabab waktu moal mungkin balik deui katukang,” ahirna, Raden Walangi lumampah ngajugjug ka Pajajaran bari dibarengan ku tekad bade bakti kanagara anu diniatan ku ibadah.

Di alun alun Pajajaran nyaeta alun-alun Pasundan, dinten eta saembara kujang Pajajaran dilaksanakeun, kusaha bae anu bade ngiringan, ti rahayat biasa dugi ka para pajabat karajaan kenging ngiringan saembara, eta saembara kujang Pajajaran, sadayana masyarakat Pajajaran kumpul dialun-alun pasundan pikeun nyaksian saha jalmi anu tiasa nyandak Pajajaran jaya anu saestu,

Prabu Surya Kancana anu ditugaskeun ngabuka saembara kujang Pajajaran, anjeuna nyarita kasadaya anu aya di alun-alun pasundan, “ kasadaya baraya sanagara, dinten ieu ku kaula dibuka saembara kujang Pajajaran sing saha jalma anu tiasa ngangkat ieu kujang nu tos dicecebkeun di tengah alun-alun Pajajaran, sareng anu tos tiasa ngabuka arti sabenerna kujang, sing saha wae jalmana boh ti rahayat boh tikaaton eta jalma anu bakal narima tahta karajaan Pajajaran “

Saatos saembara dibuka ku Prabu Surya Kancana, Raden Panca Buana, raden Widayana, Raden Lingga Jaya, ti karaton Pajajaran, Wisnu Jaya, Arya Santana, Kalingga Suta, Darma Jaya, raja Baka, eta ti pihak ksatria, sareng pandita, sadayana hayang kuhayang pikeun ngiringan saembara, ahirna saparantos dipasih kasempetan pikeun nyoba, pikeun nyabut kujang Pajajaran, ku sadayana teu tiasa kaangkat eta kujang Pajajaran, mung hiji nu tiasa ngangkat, nyeta Raden Panca Buana, tapi dirina teu tiasa ngabuka arti kujang Pajajaran, ahirna sadayana teu aya nu tiasa ngangkat sareng ngabuka arti kujang Pajajaran.

Saparantos kitu Prabu Surya Kancana nyarita deui, geuningan teu aya jalmi teh nu narima tahta karajaan, bilih aya nu sanesna bade nyoba-nyoba mangga wae, saha wae, timana wae asalna, rek pangkat naon-naon wae gaduh hak pikeun ngiringan saembara,” sanaos Prabu Surya Kancana tos nyarios kitu rahayat teu aya deui nu wantun pikeun ngiringan saembara, ahirna aya jalmi anu bade ngiringan saembara, katingalna jalma biasa dongkap kapayuneun Prabu Surya Kancana sabari nyarita : “ naha kaula kenging ngiringan ieu saembara,”

“Mangga bae da ieu saembara kanggo saha bae” Prabu Surya Kancana ngajawab bari jeung dina hatena bagja bari jeung sugema, da dirina mah tos uninga saha ieu jalmi teh anu sabenerna, tapi dirina teu wani pikeun ngumumkeun kasadayana nu aya di alun-alun Pasunda, yen ieu jalmi teh saenyana putrana putra mahkota Pajajaran nyaeta Raden Walangi.

“ Naha hidep bakal sanggup pikeun nyabut sareng ngabuka arti kujang Pajajaran anu saenyana, “

“ Mudah mudahan Hyang Widi ngersakeun ka kaula pikeun tiasa nyabut, ngangkat sareng ngabuka arti kujang Pajajaran nu saenyana. “

Ahirna eta kujang di tengah alun-alun pasundan di cabut sareng diangkat ku Raden Walangi, sadayana kaget, geningan kujang Pajajaran tiasa kaangkat ku jalmi biasa, jalmi anu teu apal timana asalna, sabab pamikiran sadayana nu aya di alun-alun pasundan, yen jalmana teh aya di pihak karaton asalna, tapi geningan sanes tikaaton, anu katingali ku masyarakat Raden Walangi teh jalmi biasa, jalmi bodo, anu teu mungkin tiasa mawa Pajajaran jaya.

Raden Walangi ngabantun eta kujang kapayuneun Prabu Surya Kancana sareng Begawan Wastu Kancana bari ucapna, : “ kaula tos tiasa ngangkat ieu kujang Pajajaran, teras naon deui nu kudu dilakukeun ku kaula ayeuna, “ saur Raden Walangi.

Saha ari ngaran hidep, saur Begawan Wastu Kancana,

“ Ngaran Kaula Arya Darma Gandi “ jawab Raden Walangi, Prabu Surya Kancana reumbay cisoca teu kuat nahan rasa kabungah sareng rasa kasedih, anu hak narima tahta karajaan Pajajaran, kudu ngaliwatan cara model kieu pikeun narima tahta Pajajaran, padahal dirina gaduh hak pikeun jadi raja Pajajaran, bari jeung dongkapna kadieu teu ngangge nami dirina, malah ngangge nami ramana.

“ Sok terangkeun arti kujang Pajajaran dipayuneun sadayana anu aya di alun-alun pasundan ieu !” ahirna

Raden Walangi ngabuka arti kujang pajajaran anu saestu.

“Namina raga kusumah anu ngandung harti raga teh awak, kusumah teh bersih jadi anging jalma anu beresih hatena anu tiasa mawa pajajaran jaya, mawa Pajajaran raharja, bari ngarti kanu harti kabersihan hate, pikir ucap jeung lampah sadayana kudu saenyana, sabab loba jalma anu ngaku beresih tapi lampahna jauh jeung kabersihan, hatena pinuh ku hawa nafsu dunya, leu kujang ngabentuk kembang anu lancip tungtungna sareng lancip deui kajero, kembang ngandung harti pamingpin kedah tiasa nyengitan karakyatna tapi lain saukur ku pamingpin nyeungitan karakyatna tapi rakyat oge kedah tiasa nyeungitan ka pamingpina ngarojong pamaksudan pamingpin, kitu oge lamun pamingpina henteu kaluar tina kawajibanana salaku pamingpin, lancip ujung jeung jerona ieu kujang ngandung harti pamingpin kedah lancip pikir jeung hatena dina ngalakukeun lalampahan atawa tindakan, emut kana sebab sareng akibatna, sabab hate jeung pikiran anu beresih anu bakal nyieun jalma bener lalampahanana, ieu tilu liang tinu kujang ngandung harti hate pikir jeung ucap manusa, ngandung harti lahir hirup jeung maot manusa sabab saenyana manusamah ngan saukur dilahirkeun, hirup ngalalampahan nyieun amal ibadah dina kahirupanana, tapi dina kahirupanana saenyana Hyang Widi anu ngatur sadayana, manusamah ngan saukur ngagunakeun akal jeung pikiran bari jeung usaha pikeun nuju kana pamaksadanana, ditungtungan ku ngarana maot.”

Begawan Wastu Kancana ngagabrug ka Raden Walangi reumbay cisocana, nangis dipayuneun sadayana nuaya di alun-alun pasundan, sadayana nuaya di alun-alun pasundan gerentes hatena nangis, geuningan masih keneh aya jalma anu tiasa, anu ngarti kana harti wangi anu sajati, anu ngarti silih seungitan antara pamingpin sareng rahayatna, kitu deui rahayat sareng pamingpina sadayana rahayat nu aya dialun-alun Pasundan ngaluarkeun sora-sora, ngaluarkeun ucapan-ucapan masihan nami ka Raden Walangi ku sebatan Siliwangi anu ngandung harti silih seungitan, sadayana anu aya di alun-alun pasundan nyebat-nyebat siliwangi ka Raden Walangi.

Begawan Wastu Kancana nyarios ka Raden Walangi “Arya Darma Gandi, sok pake ku hidep ngaran siliwangi pikeun mimpin ieu karajaan Pajajaran, ti ayeuna ku kaula sareng hamba rahayat sadayana hidep dipasihan nami Siliwangi.”

Prabu Surya Kancana ngagabrug ka Siliwangi atanapi Raden Walangi di payuneun Begawan Wastu Kancana bari cumarios ka Begawan Wastu Kancana yen saenyana ieu teh Raden Walangi putrana Raden Wastu dana Citra, anu tegesna ieu teh incuna Begawan Wastu Kancana, ngadangu kitu Begawan Wastu Kancana kaget anu teu disangka-sangka moal balik deui ka Pajajaran ayeuna datang deui ka Pajajaran, Raden Walangi nangis tos lami nembe patepang deui sareng akina Begawan Wastu Kancana, ahirna ku Begawan Wastu Kancana di uningakeun kasadayana nu aya di alun-alun pasundan, saenyana ieu teh putrana putra mahkota Pajajaran anu tos lami miang ti karaton Pajajaran, nyaeta putrana Raden Wastu Dana Citra, sadayana teu sangka, sadayana teu percaya kunaon raden walangi kedah ngiringan ieu saembara padahal Prabu Surya Kancana tos uninga yen Raden Walangi gaduh hak pikeun narima tahta Pajajaran, didieu mulai kabuka hate jeung pikiran hamba rahayat sadayana, yen rahayat biasa oge lamun enya dirina tiasa jadi raja jeung ngarti kanu harti pamingpin anu saenyana, teu aya salahna sanajan rakyat biasa komo ieu ngarti anu saenyana, eukeurmah-eukeur dirina nu gaduh hak tahta karajaan tapi cara ngadegna sami sareng peraturan hukum saembara kujang Pajajaran.

PUNCAK JAYA PAJAJARAN

RADEN WALANGI DIISTRENAN JANTEN RAJA PAJAJARAN SARENG GENTOS NAMI JANTEN PRABU SILIWANGI

Saparantos Raden Walangi disahkeun anu kenging saembara, kujang Pajajaran, Raden Walangi teras di candak kakaraton Pajajaran, teras dirina di istrenan ku Begawan Wastu Kancana sareng sah pikeun nganggem ngaran Prabu Siliwangi.

“Siliwangi, ayeuna mangsana, ti ayeuna mimitina hidep mingpin karajaan Pajajaran,” kitu sasauran Begawan Wastu Kancana.

“Kaula narima pikeun jadi raja Pajajaran, nyuhunkeun restu ti sadayana, ti sadaya pinisepeuh nu aya dikaraton Pajajaran, kaula jangji ka diri kaula, pangniatan kaula saenyana sanes hoyong janten raja, tapi kaula hayang mawa nagara ka puncak jaya anu didadasaran pikeun ibadah, ngamalkeun kahadean, kajujuran, kabersihan hate, ucap jeung lampah pikeun muka jalan ka sawarga, mudah mudahan hyang widi ngaridoan ka pamaksadan kaula saenyana, kaula nyuhunkeun kasadayana upami Pajajaran dugi ka puncak jayana anu dicita-citakeun ku sadayana, subur ma’mur gemah ripah loh jinawi, jadi nagara anu pinuh ku wibawa, karta jeung raharja, tong nepi ka ngagung ngagung kaula, sabab saenyana nagara dugi ka puncak jaya sanes saukur ku kaula tapi ku sadayana, timimiti rahayat dugi ka pupuhu nagara, ieu sadayana para pajabat nu aya di karaton sing inget nu saenyana, yen pajabat nagara teh lain jalma nu kudu di sembah-sembah, nu kudu di agung-agung ku hamba rahayat sakabeh, tapi sabalikna para pajabat teh kudu nyembah ka rahayatna, ngagugu kahayang rahayatna, nyaangan ka rahayatna, muka jalan pikeun rahayatna raharja, sajahtra salalamina, sabab moal aya pamingpin lamun teu aya rahayatna, moal aya nagara lamun teu aya rahayatna, tapi upami mung saukur aya rahayatna pasti bakal aya pamingpina, conto kaula jadi raja kaula moal bisa ngayakeun rahayat, tapi rahayat tangtu bisa ngadegkeun rajana.

Sadayana ngahuleng ngaraga meneng ngadangu sasauran Prabu Siliwangi, nyeceb ucapna kana dada sadayana anu aya didinya, teras Begawan Wastu Kancana nyarios, “tah ayeunamah atur ieu karajaan Pajajaran ku hidep, mangga bae terserah hidep.”

“Nya tiayeuna ku kaula di putuskeun ngangkat pun uwa Surya kancana janten patih karajaan, uwa.. hayu urang babarengan pikeun ngurus Pajajaran, pikeun nuju karajaan Pajajaran puncak jaya, mudah-mudahan hyang widi ngaridoan sanajan kaula sareng uwa beda pamadegan, hayu urang paheuyeuk-heuyeuk leungeun paantai-antai panangan pikeun gawe nu rancage pikeun ngabdi karajaan Pajajaran karahayat, kabangsa jeung ka nagara.” Sareng Prabu Siliwangi masihan gelar ka Surya Kancana, Raga Mulya Surya Kancana sabab nu ditingal ku Prabu

Siliwangi di diri uwana ku kagagahan, kukabersihan hate jeung pikirna, ku kasaktianana, ku kamulyaan hate jeung pikirna anu jadi pribadi keur dirina, timimiti harita Prabu Siliwangi sareng sadayana pajabat karajaan ngamimitian ngurus karajaan Pajajaran.

PRABU SILIWANGI NIKAH KA DEWI KUMALA ATANAPI SUBANG LARANG

Dina mangasa Prabu Siliwangi muru uncal dileuweung antara Pajajaran eujeung karajaan Sumedang Larang, nyaeta karajaan anu di pimpin ku Prabu Jaya Wangsa, anjeuna ngadangu di karajaan Sumedang Larang ngayakeun saembara pikeun milarian jodo kangge Dewi Kumala putrina Prabu Jaya Wangsa, ahirna Prabu Siliwangi teras ngajugjug maksud bade ngiringan saembara, sabab dina pamikiranana mudah-mudahan karajaan Sumedang Larang tiasa pikeun nguatkeun tali silaturahmi antawis karajaan Pajajaran jeung karajaan anu sanesna. Teras Prabu Siliwangi ngiringan saembara, gancang carita ahirna Prabu Siliwangi nu kenging eta saembara, teras anjeuna dicandak sareng ditepangkeun ka Dewi Kumala ku Prabu Jaya Wangsa, bari sasauran ka putrina, “nyimas putri, nyimas tos kenging jalmina, tah ieu jalmina anu kenging saembara teh, namina munding wangi”.

“ Assalamualaikum,…” saur Dewi Kumala, Prabu Siliwangi mung saukur imut dina pameunteuna, teu tiasa ngajawab ka ucapan salam Dewi Kumala ku kata-kata.

“ Saha ari salira teh…” Timana asalna.” saur Dewi Kumala

“ Kaula munding Wangi, kaula teu puguh padumukanana, hirup saukur ku ngalalana, nepi ka kaula nepi kadieu, teras ngiringan saembara ieu “

“ Kunaon salam abdi teu di jawab, ku ngan saukur ku imut salira”

“ Kaula teu uninga ku salam samodel kitu”

“ Upami kitumah, salira benten pamadegan sareng kaula, benten kayakinan, naha bakal sauyunan dina ngajalankeun rumah tangga pikeun hirup babarengan sareng kaula, ngandung harti nikah sareng kaula”

“Da saenyana sanajan beda pamadegan, urang gaduh niat pikeun hirup sauyunan, pikeun ngahiji pasti tiasa wae, tapi urang kedah tiasa ngarti kana pamadegan masing-masing, tapi upami ceuk pamadegan salira teu kenging ngahiji sareng jalmi anu benten pamadeganana, wios keun bae teu ngahiji age sanajan kaula kenging eta saembara, sok...! yakin kana pamadegan salira upami enya mah dilarang ceuk pamadegan salira, keun bae teu janten nikah oge sabab kaula teu tiasa maksa, da salira oge gaduh pamadegan sorangan”.

Ngadangu ucapan Prabu Siliwangi Dewi Kumala teu tiasa nyarios naon-naon, masrahkeun sagala rupa ka ramana nyaeta Prabu Jaya Wangsa, “ nyimas Putri, hampura kanjeng rama teu tiasa mutuskeun kedah kumaha carana, naha salira gaduh rasa kacinta ka ieu munding wangi, kitu deui sabalikna naha munding wangi gaduh rasa kacinta ka dewi kumala “

“ Saenyana kaula kudu turut ka pamadegan kaula, hoyong mah gaduh caroge teh ka jalmi anu sapamadegan, tapi kaula ge kudu turut ka peraturan nagara, da ceuk pamadegan kaula oge diwajibkeun pikeun turut ka paraturan nagara, saenyana saembara oge tos kaasup paraturan nagara, nya mangga wae teu langkung ka salira munding wangi, naha salira narima gaduh istri anu pamadeganana benten sareng pamadegan salira “ saur Dewi Kumala.

“Nya kaula narima, tapi urang kedah emut pikeun ngajaga ka pamadegan masing-masing, saling silih hargaan, silih asuh da saenyanamah soal pamadegan keur diri masing-masing manusa”

Ahirna Prabu Siliwangi ditikahkeun sareng Dewi Kumala ku Prabu Jaya Wangsa, saparantos ditikahkeun Prabu Siliwangi ngabukakeun anu saenyana ka Prabu Jaya Wangsa saenyana dirina nyaeta Prabu Siliwangi, raja Pajajaran. Saterasna Dewi Kumala janten permaisuri Prabu Siliwangi, teras Prabu Siliwangi mulang deui ka Pajajaran disarengan ku Dewi Kumala atanapi Subang Larang.

PRABU SILIWANGI NGAGAGALKEUN PAMBARONTAKAN NU NYIEUN NAGARA DI JERO WEWENGKON PAJAJARAN

Waktu Pajajaran dipimpin ku Prabu Siliwangi, saeutik-saeutik pajajaran nuju ka puncak jayana, rahayat sugema dipimpin ku raja anu bijaksana, anu ngarti kanu wangi anu sajati, sanajan Pajajaran jaya, aya oge anu resep tapi oge anu ngewa, anu iri, dugi ka timbul hayang nyaingan Pajajaran, hayang ngarusak Pajajaran nepikeun rek ngadegkeun nagara di wewengkon Karajaan Pajajaran, nyaeta anu dipupuhu ku adipati Kalingga nu jenenganana Adipati Suraman, manehna hayang ngadegkeun karaton di belah wetan Karajaan Pajajaran nu masih keneh wewengkon wilayah Karajaan Pajajaran. Manehna ngahasut ka rahayat nu aya didinya pikeun ngarojong pamaksadanana, sareng ngahasut ka urang-urang Pajajaran nu di belah wetan sasaurana “ tingali kumaneh, nu dipajukeun jeung dijayakeun ngan saukur di karaton hungkul, jeung disabudeureunana, geningan didieu mah diculkeun diantepkeun, padahal ieu teh masih keneh wewengkon Pajajaran anu kudu dipajukeun ku maranehanana, lain saukur dipuseur dayeuh Pajajaran, upami kitumah kumaha urang ngadegkeun karajaan di ieu tempat, urang pajukeun ieu tempat sabab percuma urang ngahiji jeung manehna oge, kumaranehna ieu tempat mang sabodo teuing teu diurus”. Kitu sasauran adipati kalingga tapi rahayat aya nu kagagas pikeun ngarojong pamaksadan adipati kalingga, aya oge anu tetep satia ka Pajajaran nyaeta jalma –jalma anu ngarti kanu wangi nu sajati anu kudu nyeungitan antara rahayat jeung pamingpina.

Ahirna kabar nu kitu dugi ka Prabu Siliwangi, dijero karaton Pajajaran Prabu Siliwangi nyarita ka para senopati sareng sadayana nu aya didinya anjeuna ngabahas soal eta “ uwa patih, kumaha carana pikeun nyanghareupan hal nu jiga kieu, oge ka para pinisepuh sadayana, kedah kumaha carana nyanghareupanana. “ kaula percaya ka nak Prabu, mangga bae terserah didinya kedah kumaha nyanghareupanana, uwa patih mah ngan saukur ngajalankeun tugas naon nu kudu dijalankeun jeung dilaksanakeun ku kaula” saur patih Surya Kencana.

“Nya ayeunamah ondang wae sadaya adipati nu aya di wewengkon Pajajaran”., saatos nampi parentah kitu, mahapatih Surya Kencana sareng nu sanesna anu dipasih tugas ku Prabu Siliwangi pikeun ngondang ka para

adipati nu aya di wewengkon Pajajaran pikeun dongkap ka puseur dayeuh Pajajaran, suparantos nampi parentah kitu sadayana miang naglaksanakeun parentah Prabu Siliwangi.

Saparantos nampi ondangan ti Prabu Siliwangi, para adipati sadayana dongkap ka karaton Pajajaran, dipayuneun sadaya adipati Prabu Siliwangi “ wilujeng sumping sadayana adipati di karaton Pajajaran kaula ngadangu kabar, yen aya hiji wewengkon Pajajaran anu bade ngadegkeun karajaan di wewengkon Pajajaran, alasana ngarasa diculkeun ku kaula, teu diurus ku kaula, ngarasa teu diperhatikeun ku kaula, manehna hayang ngadegkeun karajaan sorangan didinya dari pada ngahiji ejeung Pajajaran, hampura lain kaula teu merhatikeun eta wewengkon, tapi kaula oge nembe ngadeg jadi raja, anyar keneh kaula teh jadi raja, kaula oge gaduh rencana, rencana kaula hayang sadayana jaya timimiti puseur dayeuh dugi kasadayana wewengkon age jaya, sejahtera, sugema kasadayana.”

Ahirna ku para adipati kauninga sareng emut deui pikirna, meureun enya can mangsana mereun, ngamimitian mah ngamajukeun heula puseur dayeuh, saeutik-saeutik sadayana bakal dibina jeung diwangun sadayana wewengkon Pajajaran, saparantos sadayana macangkrama di karaton Pajajaran, sadaya adipati marulih deui ka wewengkon masing-masing.

Sanajan sasauran Prabu Siliwangi nu jiga kitu kauninga ku sadayana adipati, tapi kusabab adipati Kalingga mah disateuacana tos gaduh niat pikeun ngacaukeun Pajajaran, kusabab anjeuna gagal dina ngiringan saembara kujang Pajajaran, anjeuna teras-terasan ngahasut ka hamba rahayat nu aya di wewengkona pikeun ngadegkeun karajaan sorangan, anu misah ti Pajajaran, anjeuna teras nyusun kakuatan, nyuhunkeun bantuan timana wae, pikeun ngawangun karajaan sorangan, sanaos kitu rahayat mah emut kanu arti wangi nu sajati nyaeta silih seungitan antara rahayat sareng pamingpina, aya rencana naon wae oge kabarna dugi ka Prabu Siliwangi.

Di karaton Pajajaran, Prabu Siliwangi nampi kabar yen , adipati kalingga teh keukeuh peuteukeuh hayang ngadegkeun karajaan di wewengkon Pajajaran, ahirna anjeuna nugaskesun senopati Buana Reksa miang ka Kalingga, maksad pikeun ngalawan pambarontakan nu aya diditu, sareng nyandak adipati Kalingga kapayuneun Prabu Siliwangi, nya ahirna senopati Buana Reksa disarengan ku para prajurit Pajajaran miang pikeun ngajalankeun tugas ti Prabu Siliwangi.

Saparantos senopati Buana Reksa dongkap deui ka karaton Pajajaran bari nyandak adipati Kalingga, adipati kalingga dicandak kapayuneun Prabu Siliwangi di hiji tempat Tirta Wening, nyaeta nami bangunan nu aya di karaton Pajajaran, Prabu Siliwangi naros ka adipati Kalingga, : “ naon pamaksadan salira nu saenyana hayang ngadegkeun karajaan di wewengkon Pajajaran, kaula ngadangu kabar mah sabab kaula teu merhatikeun ka wewengkon anu di pimpin ku salira.”

“ Muhun gusti prabu, kaula ngarasa teu di perhatikeun, abong keneh wewengkon eta ayana di pasisian meuni teu ditingali ku salira gusti prabu “

“ Sateuacana oge ku kaula parantos dicaritakeun nuju kaula ngodang sadaya adipati nu aya di wewengkon Pajajaran, kaula nata nagara teh hiji-hiji, saeutik-saeutik, meureun kanu disisimah can mangsana pikeun kaula ngamajukeunana, sanes teu diperhatikeun tapi can mangsana dugi kadinya, hampura lamun pamaksadan kaula teu sajalan sareng pamaksadan salira, ayeuna didinya nu saenyana gaduh maksad nu model kumaha ? “

“Gusti Prabu kaula hayang nu sisi oge jaya, raharja, sugema, sapertos kaayaan puseur dayeuh Pajajaran”

“ Kaula oge hayang siga kitu sadayana, sugema, sugih mukti jeung sajahtera, tapi nu kaemut kaula mah pamikiran salira hayang sadayana jaya, tapi salira gaduh pamikiran hayang ngadegkeun karajaan sorangan, kapan sadayana warga nagara diwajibkeun ngajaga, dijaga, siaga, nyeta ngajaga hubungan antara rahayat sareng rajana, adipati sareng rajana, intinamah sadayana kedah silih asih, silih asuh, silih asih, sareng sadayana warga nagara diwajibkeun ngajaga kautuhan pikeun ngajaga kautuhan nagarana, ngarah teu aya nu leungit sanajan sajeungkal oge tanahna, ayeuna emut ku salira lamun didinya ngadegkeun karajaan sorangan misah ti Pajajaran, kaula sieun wewengkon-wewengkon Pajajaran nu sanesna miluan pikeun misah ti Pajajaran, anu ahirna Pajajaran teh jadi nagara leutik, sareng gaduh ngaran goreng ka kaula teu tiasa ngajaga wilayahna, lamun salira keukeuh hayang ngadegkeun karajaan di wewengkon Pajajaran, mangga salira jadi raja Pajajaran, sabab ku kajadian nu jiga kieu geningan kaula teu tiasa nyugemakeun kasadayana, mangga pimpin ku salira ieu karajaan Pajajaran, ku kaula dibikeun ieu tahta Pajajaran dari pada kaula kaleungitan wilayah Pajajaran sabab kaula ngarumasakeun teu tiasa ngajaga kadaulatanana, daripada salira mingpin karajaan anyarmah, mending mingpin karajaan nu tos aya, anu keur nuju ka puncak jaya.”

Adipati Kalingga kaget ngadangu sasauran Prabu Siliwangi, “ampun gusti Prabu, kaula teu sanggup pikeun mimpin Pajajaran “

“Kunaon salira teu sanggup pikeun mimpin Pajajaran?”

“Sabab kaula teu tiasa pikeun bijaksana sapertos gusti prabu, kaula ngarasa hina salaku warga karajaan Pajajaran teu tiasa ngajaga kadaulatan “

“Mangga wae pimpin ieu Pajajaran ku salira, kaula sieun sanajan salira ayeuna tos sadar, parantos uninga kanu arti kadaulatan anu saenyana tapi namina oge manusa anu dilingkung ku nafsu, bisi hiji mangsa salira gaduh pamaksadan pikeun misah deui ti Pajajaran.”

Adipati Kalingga ngahuleng ngaragameneng, dirina teu wasa mayunan hiji raja anu bijaksana sapertos Prabu Siliwangi, sabab tiawal pamaksadannana nu saenyana bade ngaruntuhkeun Pajajaran, ahirna dipayuneun Prabu Siliwangi adipati Kalingga ngabukakeun pamaksadannana anu saenyana pikeun ngaruntuhkeun Pajajaran, sadayana senopati anu aya didinya kaget ngadangu sasauran adipati Kalingga, nya ahirna kusabab kalakuanana anu jiga kitu saparantos gempungan sadayana anu aya didinya, Prabu Siliwangi mutuskeun pikeun ngahukum adipati Kalingga ku hukuman rogahala, sabab upami teu dirogahala bilih pambarontakan di Karajaan Pajajaran sawaktu-waktu datang deui.

PUTRA KA HIJI PRABU SILIWANGI SARENG SUBANG LARANG

Buah kanyaah, kawelas asih Prabu Siliwangi sareng Dewi Kumala atanapi subang Larang tea dugi ka Dewi Kumala kakandungan, hiji mangsa ditempat lelesona Prabu Siliwangi Dewi Kumala nyarios ka Prabu Siliwangi.

“Kang mas prabu, tadi wengi kaula ngimpen jabang bayi anu di kandung ku kaula medal kaalam dunya dibarengan ku seungit anu nyababkeun sadayana milarian sumber asalna eta kaseungit, anu saenyana asalna tina jabang bayi anu ku kaula dilahirkeun, sareng deui aya bentang anu lebet ka jabang bayi anu ngakibatkeun si jabang bayi cahayaan, anu mere caang kanu aya di sagigireunana, tah kitu kang mas prabu impenan kaula teh.”

“Nyimas putri lahirna dibarengan ku seungit, kuwawangi, mudah-mudahan si jabang bayi jadi jalmi anu ngarti kanu harti seungit jeung wangi anu sajati, sareng lebetna bentang kajabang bayi mudah mudahan kawibawaaan Pajajaran aya didirina, mere caang kasadayana, mugu-mugu si jabang bayi jadi jalma anu suci, lancip pikirna hade laku lampahna.”

“Mudah-mudahan bae sapertos kitu engke ayana, anu ngajadi ciri Pajajaran anu saestu,” saur Dewi Kumala.

Nepi ka hiji mangsa si jabang bayi medal ka alam dunya, naon nu kaimpen ku Dewi Kumala sadayana janten kanyataan, lahir dibarengan ku wawangi, sareng aya hiji cahaya sapertos bentang lebet kadirina jabang bayi, nu ahirna ku Prabu Siliwangi dipasihan nami Walang Sungsang, Walang nyandak ti nami dirina, sungsang ngandung harti mugu-mugu tiasa ngabuka nu saenyana.

SUGIH MUKTI, BAGJA JEUNG SUGEMA PAJAJARAN

Dijero karaton Pajajaran, Prabu Siliwangi ngayakeun gempungan sareng para pajabat karaton, para pinisepeuh karaton, para adipati nuaya diwewengkon Pajajaran dugi ka tokoh masarakat Pajajaran. Prabu Siliwangi ngajak kasadayana babarengan pikeun gawe nu rancage, paheuyeuk-heuyeuk leungeun, pantai-antai panangan pikeun ngawangun Pajajaran, Prabu Siliwangi nyarita kasadayana: “sanajan kaula raja, da saenyana anu mawa nagara raharja, sugema, pinuh ku wibawa, sanes ku kaula sorangan, da saenyana anu mawa nagara pinuh kuwibawa, ku tokoh masarakatna anu ngaping karahayat sadaya, anu mere pangarti ka rahayat sadayana da saenyana pamarentah mah ngan saukur nyadiakeun waragad pikeun sadayana, pikeun ngatur hukum, aturan-aturan nagara nu kedah sadayana tanamkeun, pelakeun kanu hate rahayat sadayana yen, sagalana niatan ku ibadah, da saenyana anu mawa dirina bagja jeung sugema anging ku dirina sorangan ku lalampahan anu hade, ku kajujuran, ku kaikhlasan, ngajaga kahormatan dirina sorangan, nulung kasasama, hormat kasaluhureun, kasahandapeun, sareng kasasama, tanamkeun ku sadayana didieu anu gaduh tugas salaku pamingpin masarakat, anu ngaping rahayatna kana arti raga kusumah anu saenyana, nyeta samemeh ngajugjug nagara anu raharja, anu sugema anu pinuh ku wibawa, mimitian bersihan heula dirina sorangan, hate, pikir jeung ucapna. Kunaon kudu dimimitian tidirina sorangan, sabab saenyana teu aya pamingpin, teu aya rahayat, teu aya pajabat, teu ya rahayat, anu saestuna sami-sami jalma, anu keur ngajalankeun kahirupanana. Anu jadi tani, anu jadi kuli, anu jadi adipati, anu jadi senopati, anu jadi tamtama nagara, anu jadi patih dugi ka anu jadi raja saenyana sadaya teu aya bedana, sadayana kedah tiasa ngabaur, ngahiji, ngarakyat, ieu nu jadi rahayat ulah sieun, ulah ngarasa leutik dipayuneun rajana, kitu oge sabalikna, raja ulah nganggap rahayat kabawahana, kudu jadi ngahiji salaku warga nagara anu keur nyicingan nagara.

Saterasna kedah tiasa ngabuka, ngaluarkeun jeung ngasupkeun, timimiti rahayat biasa dugi ka rajana kedah tiasa ngabukakeun potensi dirina sagala kamampuan nu aya didirina, ngagunakeun hate jeung pikiran pikeun jadi pangabisa anu bisa nyukupan kahirupana, kitu deui kedah tiasa ngabuka potensi dirina salaku raja ngabuka potensi rahayatna, ngabuka potensi nagarana, ngaluarkeun sagala pangabisa jeung pangarti nu aya didiri rahayatna, sabab bakal katembong jati diri nagara Pajajaran, nyaeta ku kaluarna pangarti, pangabisa rahayat jeung rajana babarengan kaluar, raja kedah tiasa ngasupkeun pangarti kasadayana, boh ilmu boh adat, tatakrama jeung sajabana, kitu deui rahayat ge kedah ngarti kanu saenyana, saterasna sagala rupa teh ulah ngandelkeun kabatur, ulah ningali kanagara batur, yakinkeun nagara urang sorangan oge pasti bisa, yakinkeun loba dinagara urang oge potensi nu can kabuka.

Saterasna ngajaga, dijaga jeung siaga. Sadayana timimiti rahayat dugi ka raja kedah tiasa ngajaga kahormatan nagarana, kumaha carana, nya ku laku lampah anu hade, ku kajujuran, ku kaikhlasan narima ku kaayaan anu enya, di jaga kalestarian budaya nu aya di Pajajaran, jaga ka aslianana ngarah teu pahili ku budaya-budaya ti batur, bisi wae urang ngasupkeun ti budaya batur, tapi sing inget, budaya asli Pajajaran tong nepi ka leungit, teras kasadayana timimiti rahayat dugi ka raja, kedah tiasa ngajaga kadaulatan nagarana, ngarah teu aya nu leungit, ngarah nagara teu leungit, sabab bisa wae nagara leungit lamun dina pamikiran sadayana teu boga rasa kacinta ka nagara, teu boga rasa kanyaah kanagarana, teu boga tanggung jawab kanagarana, urang sadayana kedah tiasa ngajaga potensi-potensi nu aya dinagarana, boh ti bumi boh ti leuweung, ngarah potensina teu dibuka ku batur, tapi dibuka ku sorangan, tah didieu urang kudu pinuh ku pangarti, kudu loba ku pangabisa sabab nu saenyana pangarti jeung pangabisa anu bisa mawa nagara jaya, tapi nu leuwih utama sadayana ti rahayat dugi ka raja teh, kedah tiasa ngajaga ahlak pamadeganana, sabab eta nu jadi konci ngarah kahirupanana teu kabawa ku sakaba-kaba. Urang kedah siaga bisi aya hal-hal anu teu diharepkeun datang ngaruksak kanagara urang, nu saenyana kedah siap narima kanyataan boh nagara jaya, boh nagara keur seueur bancang pakewuh, urang kudu babarengan nyanghareupan, ulah silih salahkeun lamun nagara loba ku bancang pakewuh, tapi sadayana kedah balik deui kadiri sorangan, kadirina sewang-sewangan naha lampahna bener atawa salah. ”

Sadayana nu aya di karaton kauninga pamaksadan Prabu Siliwangi nu saenyana pikeun ngajak gawe nu rancage ngawangun Pajajaran, teras Prabu Siliwangi neraskeun cariosanana, “saterasna urang salaku rahayat Pajajaran di mimiti ku rahayat biasa dugi ka rajana, saenyana sadayana warga nagara Pajajaran teu dibedakeun ku rahayat, teu dibedakeun ku pangkat, teu dibedakeun ku raja, saestuna sami-sami jalma nu keur usaha pikeun ngadeukeutan kasampurnaan, tapi lain sampurna ngandung harti jaya, lain sampurna anu ngandung harti pinuh ku wibawa, tapi sampurna laku lampah dinu kahadean, sabab saenya-enyana lamun laku lampah geus sampurna, dicirian ku kajujuran, jeung karidoan hate, wibawa nagara bakal datang sorangan, jadi nu saenyana nagara pinuh ku wibawa datangna ku laku lampah sadayana, timimiti rahayat biasa dugi ka rajana ngarti kanu kabeneran, ngarti kanu kajujuran,

ngarti kana kaikhlasan, naon sanjatana nyaeta trisula, tapi lain trisula pakarang, lain trisula sanjata, tapi trisula nu ngandung harti hate pikir jeung ucap. Hate jeung pikirna, pikir jeung ucapna, ucap jeung lalampahanana didadasaran ku kajujuran jeung kaikhlasan, tah didinya wibawa, karta jeung raharja bakal kapanggih, sabab nu saenya-enyana jayana nagara, reuntasna nagara sadayana tos kersaning hyang widi nu ngaturna.” Ahirna kauninga ku sadayana, ku para senopati, ku para pinisepuh, ku para pajabat, ku para adipati, ku para tokoh masarakat yen, nagara bakal jaya di mimitian ti diri jalma sewang-sewangan, ku kajujuran, ku kaikhlasan jeung ku kabeungharan hatena.

UCAPAN PRABU SILIWANGI KA PARA PANDITA SARENG KA PARA TOKOH AGAMA NU SANESNA

Prabu Siliwangi ngondang ka para pandita sareng ka para tokoh agama nu sanesna nu aya di wewengkon karajaan Pajajaran.

“ Ka para tokoh agama sadayana, kaula nyuhunkeun gawe nu rancage, ngaping karahayat sakabeh, sabab aranjeun anu leuwih ngarti, aranjeun anu leuwih uninga kedah kumaha lalampahan manusa di dunya, anu leuwih uninga kana kajujuran saestuna, jeung leuwih uninga kana kabeneran nu saenyana, sabab nu mimiti pikeun nyorang nagara sajahtra nyaeta ngabebener ahlak-ahlak warga nagarana, kaula nyuhunkeun kasadayana para tokoh agama, sabab aranjeun anu babarengan ngajalankeun kahirupanana sareng hamba rahayat sakabeh, sok aping ku aranjeun tepikeun elmu-elmuna agama ceuk pamadegan masing-masing, ceuk kayakinan sewang-sewangan, sabab pamadegan naon wae oge saenyanamah nitah ka jalma supaya lakulampahna bener, da pamadegan naon wae oge saenyana teu nitah salah, sanajan urang didieu beda pamadegan, beda kayakinan, urang kedah hirup sauyunan sabab kaula yakin, sadaya pamadegan naon wae oge gaduh etika kumaha carana kasasama anu sapamadegan sareng anu benten pamadegan, henteu silih gorengkeun, henteu silih beubeutkeun, sabab ari pamadegan mah hubungan antara jalma jeung nu nyiptakeunana, anu diciptakeun jeung anu nyiptakeun.”

Sadaya para tokoh agama ngartos kana ucapan Prabu Siliwangi, geningan saenyana dirina anu gaduh peranan anu ageung pikeun ngajugjug nagara anu pinuh ku wibawa, sabab agama anu jadi dasar pikeun manusa ngajalankeun kahirupanana, lamun jalma geus ngarti kanu agama, anjeuna gaduh rasa sieun pikeun lalampahan anu salah, pasti manehna teras-terasan usaha pikeun ngumpulkeun amal ibadah, ngumpulkeun kabeneran anu didasaran ku kajujuran pikeun nyorang kahirupanana. Teras Prabu Siliwangi nyarios deui, “tah timimiti ayeuna heg aranjeun geura narindak, ngabebener lampahna manusa, lamun enya hayang nagara sajahtra anu pinuh ku wibawa.”

PRABU SILIWANGI NGONDANG PARA SODAGAR PAJAJARAN

Pikeun hamba rahayat sajahtra sadayana, Prabu Siliwangi ngondang ka para sodagar nu aya di wewengkon karajaan Pajajaran, dipayuneun para sodagar sadayana prabu siliwangi nguningakeun nagara ngajugjug kana kamakmuran teh di barengan ku peranan para sodagar, sabab arinyana anu tiasa nyukupan karahayat sadayana pikeun sajahtra, Prabu Siliwangi nyarita : “para sodagar sadayana, anjeun anu ngagaduhan peranan pikeun ngasejahtrakeun rahayat sadayana, kumaha carana, heug buka lapangan pagawean pikeun rahayat, sareng ngabuka potensi rahayat, ngabuka pangabisa rahayat, heug ku didinya bina, asah, pangabisana pikeun jadi karya, ngabuka potensi alam nu aya di Pajajaran, supaya bisa ngahasilkeun karya anu ngabogaan harga jual anu luhur, jeung ngabogaan pamikat sorangan anu dibere tanda-tanda anu ngabedakeun hasil karya ti Pajajaran jeung ti karajaan lain, ngabuka lapangan pagawean teh kudu dibarengan bari ngagawekeun jalma ti Pajajaran heula, saturut kamampuan jeung pangabisana, mun di Pajajaran teu aya nu bisa ngabuka potensi-potensi nu aya di Pajajaran karek urang tiasa neangan jalma ti luar Pajajaran, eta oge anu bisa jeung ngarti kanu potensi anu aya di Pajajaran pikeun ngaluarkeun hiji barang anu hasilna bisa nyukupan kabutuhan jalma sapopoe.

Nya nu jadi utamana mah, aranjeun sadayana mere pagawean karahayat anu tetep, anu ngajadi pagawean tetep hamba rahayat sadayana sapopoe, jeung sadayana anu gaduh pangabisa, heug buka sebarkeun karahayat pangabisana nyaeta pangabisa pikeun usaha, contona mere pangabisa elmu dagang, mere pangabisa elmu tani pikeun ngagarap sawahna, pikeun nyuburkeun pepelakanana ngarah hasilna sugema, saterusna lamun hasil panen tos nyukupan pikeun rahayat Pajajaran, mangga wae sesana jual kakarajaan sejen tapi upami teu acan cekapmah tong waka hayang ngajual ka karajaan sejen, intinamah cukupan heula karajaan urang, cukupan heula pangabutuh nagara urang, samemeh ka karajaan batur.”

Sanggeus ngadagu sasauran Prabu Siliwangi ahirna para sodagar ngarti kana pamaksadan Prabu Siliwangi pikeun nyukupan heula pangabutuh rahayatna, nyaeta tong waka ningali kabatur, tingali mah rahayat Pajajaran heula, ngarah sadayana sugema kahirupanana, kacukupan kadaharanana, pamakena jeung tempat cicingna.

OBROLAN PRABU SILIWANGI JEUNG PARA TAMTAMA PRAJURIT PAJAJARAN

Prabu Siliwangi ngondang kasadaya para tamtama Pajajaran, di payuneun sadayana anjeuna nyarita : “ kapara tamtama sadaya, aranjeun anu ngagaduhan tugas pikeun ngajaga kaamanan karajaan anu di bere sanjata pikeun bela kanagara, ngajaga rahayatna tinu bahaya, ngajaga kadaulatan nagarana ngajaga wilayahna ngarah wilayah Pajajaran teh teu aya nu leungit, ngajaga dijaga, siaga, ngajaga aranjeun ku silih jagaan kasalamatan salaku sasama tamtama nagara, dijaga kadaulatan nagarana ku anjeun, siaga bisi sawaktu-waktu aya bancang pakewuh di Pajajaran.”

GAWE RANCAGE PAMIMPIN, PARA TOKOH AGAMA, PARA SODAGAR JEUNG PARA TAMTAMA

Sugih muktina Pajajaran diwangun ku gawe nu rancage, kupaheuyeuk-heuyeuk leungeun, paantai-antai panangan antawis pamimpin, para tokoh agama, sodagar sareng para tamtama. Sadayana tiasa ngajalankeun tugasna masing-masing, para tokoh agama ngasupan pangabisa, pangarti ka hamba rahayat sakabeh, minuhan ku kajujuran, ku kabeneran, jeung kaikhlasan, para sodagar tiasa ngabukapotensi nu aya dialam Pajajaran, ngabuka potensi rahayat pikeun nunjang kana kahirupanana, hamba rahayat sadaya sugema sabab ngarasa damai, tengtrem sabab para

tamtama nagara tiasa ngajaga kaamanan Pajajaran, sadayana dina ngajalankeun tugasna dipapayungan ku Prabu Siliwangi salaku rajana, tidinya Pajajaran muncul jadi nagara subur makmur nu gemah ripah loh jinawi pinuh ku wibawa, karta jeung raharja, Prabu Siliwangi ahirna tiasa ngabuka arti trisaka dina ngalaksanakeun jeung ngajalankeun pamarentahanana anu dibarengan ku kitab weda.

JAYA SUGEMA PAJAJARAN

Saparantos Prabu Siliwangi ngondang ka para adipati, ka para pandita sareng tokoh agama nu sanesna, ka para sodagar sareng ka para tamtama nagara, arinyana kupaheuyeuk-heuyeuk leungeun, paantai-antai panangan, ngahiji ngabahu reksa pikeun ngawangun Pajajaran anu di harepkeun Pajajaran teh sejahtera, pinuh ku wibawa, karta jeung raharja dugi ka ngawujud jadi nyata nyaeta Pajajaran anu gemah ripah loh jinawi anu silih asah, silih asuh, silih asih, antara rajana para pajabat nagara tug dugi ka rahayat sakabeh, dugi ka Pajajaran jadi nagara anu makmur anu didasaran ku ngartina pamingpin jeung rahayatna kanu wangi nu sajati.

Saterasna raja-raja nuaya disabudeureun karajaan Pajajaran ngarasa takjub ningali Pajajaran, ningali ka Prabu Siliwangi ngawangun Pajajaran dugi ka nepi jadi sajahtera, gampang nyandang murah pangan, seubeuh hakan pinuh ku kamakmuran, dugi ka ahirna para raja-raja disabudeureun karajaan Pajajaran dongkap pikeun ngajalin gawe nu rancage sareng Pajajaran.

Dikaraton Pajajaran Prabu Siliwangi nampi kasumpingannana para raja-raja tea teras nyarios “ wilujeng sumping para raja-raja sadayana ka karajaan Pajajaran anu sakieu ayana muging dihapunten bilih panampiannana kirang nyugemakeun ka para raja sadayana.”

Sadayana para raja ajrih ningali pamor Prabu Siliwangi dina dirina teu gaduh rasa ieu aing geus bisa ngawangun nagara anu makmur, teu gaduh rasa ieu aing pang pinterna sareng teu gaduh rasa udzub takabur jeung teu gaduh rasa sombong na dirina, salah saurang wawakil ti raja-raja teh nyarios,” nuhun ku ditampina oge, kaula sadayana ku tiasa ningali kaendahan ieu karaton Pajajaran anu pinuh ku kaagrengan, pamaksadan kaula sadayana hoyong ngajalin gawe nu rancage sareng Pajajaran boh tina tata nagara sareng sajabana, ngajalin hubungan nu sae antawis karajaan kaula sadaya sareng karajaan Pajajaran. “

“ Kaula mah teu tias nanaon, jalmi biasa da nu ngawangun nagara raharja mah ku sadayana nu ngeusianana timimiti pamingpin dugi karahayat biasa, sadayana ngiring bagian pikeun ngawangun nagara sajahtera sareng raharja.”

“Muhun nanging kaula para raja sadayana nyuhunkeun bantosanana ti salira pikeun ngabimbing sadayana supados ngartos kanu saenyana janten pamingpin anu tiasa ngawangun nagara sajahtera sareng raharja,”

“Mangga bae, kaula oge nyuhunkeun dibimbing ku sadayana pikeun ngurus nagara, hayu urang gawe nu rancage dina hubungan antawis nagara, urang silih tukeur pikir nyawalakeun pasualan-pasoalan hubungan antar nagara,”

Sadayana ajrih ku ningali pamor jeung wibawana Prabu Siliwangi dugi ka ahirna para raja-raja sadayana masihan gelar ka Prabu Siliwangi Sri Baduga Maharaja, nyaeta raja anu ngarajaan raja, saterasna sadayana macangkrama di karaton Pajajaran.

PRABU SILIWANGI TEPANG SARENG WARTA GANA JEUNG WARTA GANI

Saparantos Pajajaran katingal jadi nagara anu sajahtera jeung raharja pinuh ku wibawa, Prabu Siliwangi pikeun meresihan dirina bilih aya hawa napsu dunya anu teu sadar aya didirina, anjeuna ngolah tapa di padumukan baheula sareng ramana, dina mangsa keur ngolah tapana, duka timana asalna disagigireun Prabu Siliwangi ujug-ujug dijagaan ku dua maung, maung eta darepa di kenca jeung katuhuna Prabu Siliwangi.

Disajeroning tapana Prabu Siliwangi kenging ilapat yen bakal aya dua sato anu bakal ngiring jeung anjeuna pikeun ngalengkepan pamor jeung wibawana, dina mangsa lugai tina tapana Prabu Siliwangi reuwas ku ningali dua maung nu aya dipayuneunana, tapana dua maung teh kalah ngagalentoran ka Prabu Siliwangi dugi ka ahirna anjeuna emut kana ilapat dina waktu keur ngolah tapa, ahirna Prabu Siliwangi mulang deui kakaraton disarengan ku dua maung anu ku Prabu Siliwangi dinamian warta gana sareng warta gani.